



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRECISION OPTICAL TRANSCEIVERS (EMETÈ-RESEPTÈ OPTIK AK PRESIZYON) PRAL AGRANDI FONKSYONNMAN L NAN EASTMAN BUSINESS PARK (PAK ENDISTRIYÈL EASTMAN LAN)

Aksyon sa a Ede Konpayi yo Pwofite de Lokalite AIM Photonics lan nan ONSemiconductor sou Kanpis Eastman Business Park

Konpayi an Gen Plan pou li plis Pase Double Mendèv la

Investisman an Konpleman Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Plan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) ki Reyisi, pou Devlope Ekonomik an epi Kreye Nouvèl Opòtinite

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse agrandisman Precision Optical Transceivers a, ki se yon sistèm konpayi jeni ki konsantre sou transpò teknoloji optik yo, pou vin chita anndan Eastman Business Park la (EBP) nan Rochester. Espas ak resous Park la founi yo pral pèmèt kwasans konpayi an epi efò li ap fè yo nan sektè optik ak kominikasyon a fil wo nivo yo. Precision Optical aktyèlman anplwaye 20 moun epi yo atann pou yo ajoute 30 pòs travay nan nouvo etablisman pandan dezan k ap vini yo. Kwasans sa a ajoute sou elan plan devlopman ekonomik rejyonal global rejyon Finger Lakes Forward la yo.

“Agrandisman Precision an nan Rochester senpleman ajoute sou elan rejyon an antanke yon destinasyon pou biznis ak inovasyon teknoloji avanse yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Trè bòn nouvèl sa a se youn nan rezon anplis k ap fè Finger Lakes Forward vanse vè lavan.”

Precision Optical Transceivers travay avèk yon bann varyete endistri, ki gen ladan swen sante, edikasyon, konpayi, antite gouvènman ak founisè sèvis yo. Precision te investi anpil nan Silisyòm ak Fotonik Entegre pandan de dènye ane ki sot pase yo epi yo atann anpil kwasans alafwa nan kapabilite teknik ak manifakti avan 2020.

Todd Davis, PDG Precision Optical Transceivers lan te di, “Konpayi nou an ap devlope rapid sa vle di agrandisman sa a te inevitab. Nou te vle demenaje ale nan yon lokalite kote non sèlman nou ka kontinye devlope, men nan yon lokalite ki pral aktyèlman ede nou devlope tou. Anons resan ki te fè konnen Sant Tès, Asanblaj, ak

Anbalaj (Test, Assembly and Packaging Center, TAP) AIM Photonics lan pral sitiye nan Eastman Business Park la vle di nou pral trè pwòch episant rechèch ak kwasans manifakti pou Fotonik. Epi sipò pou enfrastruktir manifakti Park la vle di nou pral gen aksè a tout sipò nou bezwen pou nou devlope rapid.”

Precision Optical te chwazi EBP kòm kote pou l agrandi fonksyonman lajman akòz li tou prè nouvo etablisman AIM Photonics lan ki sitiye sou kanpis EBP a nan ONSemiconductor. Konpayi an gen plan pou yo ajoute pòs travay pou jeni, manifakti ak pèsònèl sipò nan mwa k ap vini yo.

Michael Liehr, Ph.D., PDG AIM Photonics lan te di, “Pandan inisyativ nasyonal AIM Photonics lan ap ogmante fonksyonman l yo nan Eastman Business Park la, nou kontan anpil Precision Optical Transceivers pra l vin vwazen nou, epi youn nan rezn kle ki fè yo chwazi lokalite sa a se pou yo ka rantablize opòtinite yo atann AIM Photonics pral kreye pou patnè teknoloji avanse li yo, ansanm ak pou chèn apwovizyonman li an k ap agrandi dejou an jou a.”

Konsèy Ofisye Fotonik Eta New York la (New York State Photonics Board of Officers) John Maggiore te di, “Fotonik se yon pyès santral nan efò inisyativ ekonomik global rejyon an. AIM Photonics non sèlman ap prepare tèren an pou teknoloji ki pi avanse yo ki pral mennen avansman itil nan aplikasyon nou itilize chak jou yo, men li deja ap gen enpak pandan n ap wè kounye a avèk demenajman Precision Optical Transceivers pou l vini nan Eastman Business Park la. Demenajman sa a se yon vòt konfidans nan potansyèl ki pote anpil kontantman ki ka soti nan travay inisyativ nasyonal sa a. Li ap ajoute sou fòs yo te idantifye rejyon an genyen yo ak sou plan Gouvènè Cuomo genyen pou Finger Lakes Forward la.”

Robert Duffy, ki se Prezidan Konsil Lidèchip AIM Photonics lan ak Prezidan ak PDG Chanm Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce) te di, “Rejyon nou an kontan pou nou wè yon konpayi lidè tankou Precision Optical Transceivers rejwenn gwoupman teknoloji avanse eta New York yo. Nou vrèman kontan pou nou wè inisyativ AIM Photonics ak etablisman TAP li a, ansanm ak mendèv konpetan anpil zòn lan genyen an, te deja kreye rezon pwisan pou konpayi inovatè yo vin rete ak pwospere isit la a.”

Manm Kongrè Madam Louise Slaughter te di, “Felisitasyon Precision Optical Transceivers paske nou se adisyon ki pi resan nan Eastman Business Park la. Mwen fyè yo te agrandi onivo lokal epi y ap kontinye elan rejyon an pran nan optik ak nan fotonik. Travay nou antanke yon lidè global nan domèn sa a ap ede ranfòse ekonomi nou an ak kreye djòb atravè tout rejyon nou an. Mwen atann pou nou kontinye travay avèk Precision Optical Transceivers pou ajoute sou pwogrès sa a epi ede Eastman Business Park kontinye devlope. Nou te tann anpil ane avan gouvènman federal fè nou konfyans pou nou jere Enstiti Ameriken pou Fabrikasyon Fotonik Entegre a (American Institute for Manufacturing Integrated Photonics), men nou pral kontinye elan nou te pran an pandan anpil ane k ap vini ankò avèk anons tankou sila sa a.”

Sipòte kwasans Eastman Business Park la kontinye ap fè a rete yon priyorite prensipal pou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes lan (Finger Lakes Regional Economic Development Council) ak plan ekonomik estratejik Finger Lakes Forward lan.

KoPrezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes lan ak PDG Wegmans Food Markets la, Danny Wegman ak Prezidan Monroe Community College la, Anne Kress te di, “Nou aplodi desizyon Precision Optical pran pou l devlope biznis li nan Eastman Business Park kote yo ka pwofite de tout opòtinie ki egziste deja yo etablisman TAP AIM Photonics lan ki sitiye nan menm lokalite a gen pou kreye yo. Sipò pou inovasyon teknoloji avanse yo nan kè plan ekonomik rejyonal global Finger Lakes Forward la.”

Dolores Kruchten, Prezidan Eastman Business Park la ak VisPrezidan Eastman Kodak Company an te di, “Kominote manifakti ki nan Eastman Business Park la kontan anpil pou nou akeyi Precision Optical Transceivers nan Rochester. Atou nou genyen pou nou ofri nan EBP a yo pral ede Precision anpil pou yo vin gen menm plis siksè pandan y ap vin youn nan premye manm nouvo kominote pou Tès, Asanblaj, ak anbalaj nou ap konstwi isit la. Sa se egzakteman jan de konpayi sa yo nou vle fè patenarya avèk yo, epi nou ap tann pou yon relasyon pwodiktif k ap dire pou lontan.”

Prezidan SUNY College at Brockport la, Doktè Heidi Macpherson te di, “Inivèsite a t ap travay avèk Precision depi jis aprè yo te mete StartUP-NY la sou pye, epi nou kontan pou nou toujou kenbe yo kòm patnè nou. Precision ofri opòtinite patenarya ak anplwa pou etidyan nou yo, anplwayè yo sèvi nan Konsèy Konsiltatif Sèvis Anplwa pou Anplwayè yo (Career Services Employer Advisory Board), epi pwofesè nou yo itilize Precision pou etid ka nan kou sou biznis entènasyonal ak antreprenarya y ap anseye yo. Sa a se yon vrè patenarya, epi nou kontan anpil pou nou sipòte kwasans yo kontinye ap fè a, epi demenajman pou l vin nan EBP a te rann patenarya sa posib.”

Lidè Majoritè Asanble Eta a, Joe Morelle te di, “Adisyon ki pote anpil kontantman sa a Precision Optical Transceivers ap fè nan Eastman Business Park la pral plis agrandi pozisyon Rochester antake yon lidè mondyal nan rechèch ak devlopman optik epi l ap demontre enpòtans kolaborasyon inovativ ant patnè nan sektè piblik ak prive yo. Pi enpòtan toujou agrandisman sa a pral kontinye akselere kwasans djòb atravè tout rejyon an.”

Senatè Eta a, Joe Robach te di, “Anons jodi a se yon bòn nouvèl pou kominote nou yo epi se yon pa ki enpòtan anpil pou redevlopman Eastman Business Park la. Patenarya Precision Optical te fòje ak Eta New York la pa pral sèlman kreye plis pase 30 djòb nan kominote nou an, men tou sa ap demontre rejyon nou an ap vin tounen yon episant pou inovasyon byen rapid avèk jan de mendèv trè konpetan konsa a.”

Egzekitif Konte Monroe a, Cheryl Dinolfo te di, “Sa fè lontan depi Konte Monroe ak Rochester te yon kote pou konpayi inovatè ak kreyatif ki satisfè bezwen kwasan kliyan yo nan yon bann varyete endistri epi sa vrèman fè kè nou kontan pou nou wè agrandisman yon ti biznis reyisi nan kominote nou an. Mwen gen Gouvènè Cuomo ak ekip li a larekonesans pou sipò yo bay pou ede fè ekonomi an vanse vè lavan.”

Majistra Rochester a, Lovely Warren te di, “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l pran an vè kreyasyon djòb 21^{èm} syèk nan Rejyon Nò New York la. Gras a dedikasyon ak patenarya Gouvènè nou an ak delegasyon eta a, Rochester an movman epi li sou wout pou reprann li. Nou ap wè to investisman prive san presedan k ap fèt nan vil nou an, epi mwen konvenk avni nou briyan menm jan ak pase nou.”

Precision Optical Transceivers gen plan pou yo ouvri pòt yo nan nouvo lokalite yo a ki nan EBP a ete ane 2017 la.

Pou plis enfòmasyon sou Precision Optical Transceivers klike [isit la](#).

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konpleman pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a te investi deja plis pase \$3.4 milya nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou yo devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman \$500 milyon Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman \$500 milyon Eta fè a ap ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase \$2.5 milya – epi plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè pou bay plis pase 8,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###